ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№249 (23.657) ● 2017 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 29, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрыр къуажэхэм щэнхабзэмкІэ унэхэр щыщІынымрэ щыэзгъэпэщыжынымкІэ программэм иджыри хэтщ. КІуэкІуэ Юрий лэжьыгъэ Іуэхукіэ Москва щыхуэзащ Мединский Владимир

Къэбэрдей-Балъкъэрыр дяпэкІи хэтынущ къуажэхэм щэнхабзэ унэхэр щыщІынымрэ ахэр зэгъэпэщыжынымкІэ программэм. Апхуэдэу щыжаІащ Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ и министр Мединский Владимиррэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ ирагъэкІуэкІа зэІущІэм.

«МЫ ГЪЭМ ди деж щэнхабзэ унэу 10 къыщыхэзІуахащ, япэм апхуэдэ Іуэхущ1апІэ зыдэмыта е зи апхуэдэ унэхэр къэбгъэсэбэныж мыхъуну зэтекъута жылагъуэу 10-м. Абы щІыхуэр хуабжьу щыгуфІыкІащ», - зэІущІэм иужькІэ жиІащ республикэм и Іэтащхьэм. Абы къыхигъэщхьэхуІащ щэнхабзэмкІэ унэхэр «Урысей эскъуэт» политикэ партым щІыгъуу ягъэзащІэ «Жылагъуэм и щэнхабзэ унэ» парт проектым, апхуэдэу Урысейм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм къужжэ щэнхабзэ унэхэр щІынымрэ зэгъэпэщыжынымрэ теухуа проектым хиубыдэу къыдэхэзІуахар.

КІуэкІуэ Юрий къызэригъэлъэгъуамкІэ, 2018 гъэм республикэм езым и мылъкуи хэлъу щэнхабзэ унэу аргуэру 5-7 хуэдиз къызэІуихыну и мурадщ.

Абыхэм къадэкІуэу, жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм, кинофикацэмкІэ программэм хиубыдэу мы гъэм кинотеатру блы ящІащ. Абыхэм 3Д технологие къагъэсэбэпурэ фильмхэм щеплъ хъунущ. «Абы республикэм и дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ, сыту жып-Іэмэ республикэм и къалащхьэм фІэкІа апхуэдэ кинотеатрхэр щыІакъым. Иджы ахэр муниципальнэ щІыналъэхэм я нэхъыбапІэм къыщызэІуахащ», - къыхигъэщхьэхуІащ КъБР-м и Іэтащхьэм.

ЗэІущІэм апхуэдэу щытепсэлъыхьащ республикэм щэнхабзэм, гъэздэжьым, художественнэ щІэныгъэм зыщегъэужьыным япыщІа Іуэхуэхэм.

Урысей Федерацэм Щэнхабзэмкіэ министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэм къитахэм яткІэ ятткІэ КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс- Іуэхущ1апІэм игъэхьэзыращ.

ЗэфІэкІ зиІэхэр ягъэлъапІэ

● Дыгъуасэ

Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я къэрал дамыгъэхэр зыхуагъэфэщащхэм дыгъуасэ щратыжащ КъБР-м и Правительствэм и Унэм.

УЗЫНШАГЪЭР хъумэным, егъэджэныгъэм, промышленностым, ухуэныгъэм, мэкъумэшым, спортым, щэнхабзэм, хабзэхъумэ ІэнатІэхэм зегъэужьыным илъэс куэд хъуауэ зи гуащІэ хэзылъхьэхэм ехъуэхъуащ КъБР-м и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Юрий**.

- 2017 гъэр ди дежкІэ тыншу щымыятми, ехъулІэныгъэфІэхэр зыІэрыдгъэхьэфащ. Куэд тхуэзэфІэкІащ экономикэр къэтІэтыным, щІыхуэм я псэукІэр зэІуэзэпэщ хъуным теухуауэ. Апхуэдэ зэфІэкІым нобэ дгъэлъапІэ дэтхэнэ лэжьакІуэми и гуащІэ хэлъщ, - жиІащ КъБР-м и Іэтащхьэм.

КІуэкІуэ Юрий къыхигъэщащ гулъытэ зыхуащІахэм егъэджакІуэ гупыфІ зэрахэтыр. Іэтащхьэм жиІащ ахэр Іэнатіэ гугъум, ауэ пщІэ зыпылъым зэрыпэрытыр. «ЦІыхубэм я зыужьныгъэр къыгурыІуэ имыІэу егъэджэныгъэм епхащ. ЕгъэджакІуэм и пщэ къыдэхуэ къалэн мытынышм фызэрыпэлъэщым папщІэ, псоми фІыщІэ фхузощІ», - захуигъэзащ ягъэлъапІэхэм КъБР-м и Іэтащхьэм.

КІуэкІуэм жиІащ 2017 гъэм къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ органхэмрэ шынагъуэншагъэмкіэ ІэнатІэхэмрэ къыхэзыгъэхурэ илъэси 100 зэрыкъуами и мыхьэнэр къалъытэу, хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм я лэжьакІуэхэм къэрал дамыгъэхэр зэрыхуагъэфэщар.

Абы щхьэхуэу захуигъэзащ лэжьыгъэм и ветеранхэм. Апхуэдэ цІыху зыбжанэм хуагъэфэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр. «Фи зэфІэкІхэр ди дежкІэ щапхъэщ. ФІыщІэ фхудощІ икІи дропагэ щІыналъэм и зыужьныгъэм хуэфщІа хэлъхьэныгъэм», - къыхигъэщащ КІуэкІуэ Юрий.

КъБР-м щІыхь зиІэ и артист цІэр зыхуагъэфэща Гордиенко Алексей («Тэрч къэзакъэр» ансамблым и артистщ) утыку къыщрашэм, КъБР-м и Іэтащхьэм гуным ярита транспортым и ІункІыбзэІухри Іэщ1ильъащ.

ЗэІущІэр щІэзэхуищІыжым, КІуэкІуэ Юрий псоми Ильэсыщ1кІэ ехъуэхъуащ, ехъулІэныгъэщІэхэр, узыншагъэ яІэну, я унагъуэхэм фІыгъуэ илъыну зэригуапэр жиІащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр. Зыужьныгъэм и лъэхъэнэхэр

Къэралыр зыхэт экономикэ гугъуехьхэри зэран хуэхъуакъым республикэм и пащхьэ къит къалэнхэр гъэзэщІэным хуэунэтІауэ ипэкІэ кІуэтэным. Экономикэр зэрекІакІуэр кІыхьэнэкІа хъуащ, макроэкономикэ щытыкІкІэ нэхъыщхьэхэм заужьыныр къызэрагъэпэщащ, социальнэ Іэнатіэм щаІэ къалэн псори нэсу гъэзэщІа мэхъу.

ЩІЫНАЛЪЭ валовэ продуктым 2013 гъэм къыщыщІэдзауэ 2017 гъэм кІуачІыдзу проценти 136-рэ хъуащ. Ар къыриІуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэр егупуу зэрыпэжьам.

ПсэупІэу метр зэбгъуэнатІэ 1 мелуанрэ мин 300-рэ ятащ. Зи школ кІуэгъуэ мыхъуа сабийкэр, зи ныбжьыр илъэсищым къыщыщІэдзауэ илъэсибл хъуэр, зэкІуэлІэн Іуэхущ1апІэхэмкІэ проценти 100-кІэ къызэрагъэпэщащ, яухуащ икІи зэрагъэпэщыжащ фельдшер-акушер пункту 54-рэ, амбулаторэ 12, Анзорей къуажэм дэт сымаджэщыр, школрэ сабий саду 14, Зэрэгъыж ГЭС-р, спортымрэ щэнхабзэмрэ я Іуэхущ1апІэу 213-рэ, лъэнтхуэхэм щеІэзэ щІыналъэ центрыр, республикэ щеІэзэ-физкультурэ диспансеры.

Гъэзгуу километр 400 зэрагъэпэщыжащ. Лажьэу яутІыпщащ ди щІыналъэм щынэхъ ин дыдэ, ныбжьыщІэ мини 5 зыщІэхуэну, «Творчествэмкіэ сабий академие «Дыгъафіэ къалэ» курыт щІэныгъэ щрагъгъуэт центрыр. Академием и къудамэхэр иджы республикэм и щІыналъэхэм къыщызэІуах.

СыткІи зыхуэі хуагъазэу зэрагъэпэщыжащ щэнхабзэм и Іуэхущ1апІэ нэхъыщхьэхэр: Макъамэ, Урыс, Къэбэрдей, Балъкъэр къэрал драмэ театрхэр, Налшык дэт Зыгъэпсэхуп1э пэшыхьэр.

(КІуэхыр 2-нэ нап.).

«ДыгъафІэ къалэм» и къудамэщІэ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ Тэрч къалэм къыщызэІуихащ Сабий творчествэмкІэ «ДыгъафІэ къалэ» академием и къудамэр. Іуэхум хэтащ КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министр Ёмуз Нинэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухьэдин, КъБР-м и профсоюз Іуэхущ1апІэхэм я унафэщІ Амщокъуэ ФатІимэт, Тэрч районым и курыт еджапІэхэм щІэсхэр, нэгъуэщІхэри.

КІУЭКІУЭ Юрий районым щыпсэухэм щехъуэхъуэм къыхигъащащ республикэм и адрей щІынальэхэми апхуэдэ еджапІэ къыщызэІуахыну зэрамурадыр.

- Мы Іуэхур нобэ къыщыдгъэхъуІар псоми ди кІару зэхэлъу дызэрылэжьаращ. Псом хуэмыдэу къыхэзгъэщыну сыхуейт Тэрч районым и хьэрычэтыщІэхэр, Тэрч налмэс заводыр, нэгъуэщІ Іуэхущ1апІэхэри дэІэпыкъуэгъушхуэ къызэрытхуэхъуар. Си фІэщ мэхъу мы еджапІэм зэфІэкІ къэзыгъэлъэгъуну ныбжьыщІэ куэд къызэрыщІигъэкІыфынур. Сыныбжьхуэхъу ехъулІэныгъэ фІыгъуэ! - жиІащ КъБР-м и Іэтащхьэм.

КІуэкІуэ Юрий «ДыгъафІэ къалэм» и дамыгъэу щыт дыщафэ ІункІыбзэІухэр яритащ Тэрч къалэм и лицей №1-м щеджэ, школакІуэхэм литературэмкІэ я урысейпсо зэпеуэм и щІынальэ Іыхьэм япэ увыпІэр къыщызыхьа, «Іущхэмрэ Іущыцэхэмрэ» район зэхьэзэхуэм щытекІуэ Малкаров Марат, Новэ Балкарием и курыт еджапІэм щІэс, Тэрч районым и щІынІэ администрацэм и Іэтащхьэм и саугъэтыр къэхьыныкмкІэ зэпеуэм пашэ щыхъуа, «Хьэщіэкіэ фІы Кавказ» урысейпсо лъахэхутэ конференцым хэта Этезовэ Русалинэ, Тэрч къалэм и курыт школ №2-м щеджэ, илъэс 17-м нэс зи ныбжьыр щахматымкІэ щызэпеуа республикэ зэхьэзэхуэм япэ увыпІэр къыщызыхьа Щомахуэ Линэ сымэ.

«ДыгъафІэ къалэ» еджапІэм Тэрч районым щиІэ къудамэм и унафэщІ Мэшылі Анзор къызэрыджиІамкІэ, унэр метр зэбгъуэнатІэ 900-м нэблагъэ мэхъу, сабий 300-м щадэлэжьэфынущ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Узыншагъэр хъумэным трагъэкІуадэм хагъэхъуэнущ

● Хъыбарыфі

КъБР-м и Правительствэм и зи чэзу зэІущІэ иригъэкІуэкІащ абы и Унафэщі Мусуков Алий. КулыкъущІэхэр ирилъпащ унафэ 22-м икІи зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьапхъэхэмкІэ зэдзэрэзыуэ Іэ яІэтащ.

ЗЭІУЩІЭМ къыщаІэта Іуэхуэм гу нэхъ зылъытапхъэу яхэтахэм ящыщщ КъБР-м узыншагъэр хъумэныкІэ и министр **Хьубий Мурат** и къэпсэлъэныгъэр зытриуэар. КъБР-м щыпсэухэм 2018, 2019 - 2020 гъэхэм я узыншагъэм пщІэнщэу зэрыкІэлъагъэпэлъыным теухуа унафэм и проектым щытепсэлъыхьым, Хьубийм къыхигъэщащ зы цІыхум текІуадэ мылъкум 2018 гъэм зэрыхагъэхъэуэнур.

- 2017 гъэм зы цІыхум и узыншагъэм кІэлъыплъыным сом мини 10,7-рэ текІуадэу щытамэ, 2018 гъэм а бжыгъэр сом мин 12,3-м нэсынущ, - жиІащ абы. - Узыншагъэр хъумэным мы гъэм сом меларди 8,3-рэ тедгъэкІуэдамэ, 2018 гъэм сом меларди 9,5-рэ хуаутІыпщыну, 2019 гъэм а бжыгъэр сом меларди 9,9-м нэсыну догугъэ.

2015 гъэм мэкъуауэгъэм и 4-м КъБР-м и Правительствэм Іэ зытридза унафэ №2111-ПП-м зэхъуэкІыныгъэ гуэрхэр зэригъэтам тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмкІэ, цІыхуэр Іэнатіэхэмкіэ къыззэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министр **Тобеев Альберт**. Фигу къэдгъэкІыжынщи, а унафэм икъ иткІэ, КъБР-м и цІыхуэр хуитщ юристым и Іуэхутхьэбзэ пщІэншэу ягъуэтыну. Арами, нобэр къыздэсым а унафэр къахуэгъэсэбэпыркъым, узчылхэм я лэжьыгъэр зэтраублэн папщІэ ахъшэ ирагъэкІуадэ. Тюбеевым зэрыжиІамкІэ, 2018 гъэми мы Іуэхур яхуэзэхуэгъэхъунукъым.

КъБР-м экономикэм зегъэужьыныкІэ и министр **Рахаев Борис** мы зэІущІэм щытепсэлъыхьащ Іуэхугъуи 10-м. Абыхэм ящыщщ хъэрычэтыщІэ хъуну хуейкэм папщІэ республикэм Іуэхущ1апІэ къыщыззэІуахыну унафэ зэрыщыІэр.

- Зи Іуэху къызэІуэзыхуну хуейкэм я тхьилъхэр щыІэзэхуагъэхъуфынущ а зы Іуэхущ1апІэм, нэгъуэщІ зыбжанэ къызэхалъхьыным и пІэкІэ. КІэщІу жиІапІэ, хьэрычэтыщІэхэм я Іуэхур ящыгъэпсынщІэнырщ я къалэну щытынур, - жиІащ Рахаевым.

Урысибзэм и къэрал институтым, Пушкин Александр и цІэр зезыхьэм, Урысейм и щІынальэхэм щыІэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм ядэлэжьэну жэрдэм зэриці1ам къыхэкІыу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэмрэ мы еджапІэм и унафэщІхэмрэ зэгурыІуэныгъэ зэрызэращІылІами тепсэлъыхьащ Рахаевыр.

ЗэІущІэм къыщыпсэлъащ КъБР-м Граждан жылагъуэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныгъэ лъэпкъхэм я Іуэхуэхэмкіэ и управленэм и унафэщІ **КІурашын Анзор**, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къудамэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Граждан зэхьэзэхуэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуаэм я Іуэхуэхэмкіэ и министр **Емуз Нинэ**, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связькІэ и къэрал комитетым и унафэщІ **Къудей Арсен**, нэгъуэщІхэри.

ФЫРЭ Анфисэ.

Беппаев С. У. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхыльыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Граждан жылагъуэм зегъэужьыным куэд зэрыхищІыхьам икІи жылагъуэ лэжьыгъэм жыджэру зэрыхэтым папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхыльыр етын **Беппаев Суфиян Узеир и къуэм**.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м
№166-УГ

Щомахуэ Ю. А. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Республикэм и мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным къаруушхуэ зэрырихьэлІам икІи илъэс куэдкІэ хьэлэлу зэрылажьам къыхэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етын **Щомахуэ Юрий Аслъэнджэрий и къуэм**.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм дыгъэгъазэм и 20-м
№167-УГ

Щомахуэ Юрий Аслъэнджэрий и къуэр Тэрч районым щыщ Мэртэзей посёлкэм 1937 гъэм фокладэм и 25-м къыщалъхуащ. Горскэ мэкъумэш институтым щІэтІысхьэн ипэкІэ Малэ-Къэбэрдей МТС-м комбайнер щылэжьащ. Еджэныр кІуэуа нэужь Курп Ипщэ кІуэжьэм щыІа «40 лет Октября» колхозым и агроном нэхъыщхьэу ягъэуващ. НэгъуэщІ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм щылэжьащ, абы къыдэкІуэу инженер-механик Іэщ1агъэр зригъэгъэтащ. Илъэс 27-кІэ (1973 - 2000 гъэхэм) XXI парт съездым и цІэр зезыхьэ совхозым и унафэщІу лэжьащ. Мэкъумэш щІэныгъэхэм я докторщ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университетым и профессорщ. Ленин орденыр, Гъащ1эдэкІ Бэракъ Плъыжь орденыр, «ЩІыхь Дамыгъэ» орденыр къратащ. Пиотровскэм и цІэр зезыхьэ, Естественнэ щІэныгъэхэмкІэ академием и академикщ. УФ-м и мэкъумэш хозяйствэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэщ.

Жанджэрий Хьу. Хь. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и юрист» цІэ лъапІэр фэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Законымрэ хабзэмрэ гъэбыдэным куэд зэрыхищІыхьам, и къулыкъур щапхъэ игъэлъагъуэу зэрырихьэкІым папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и юрист» цІэ лъапІэр фІэщын **Жанджэрий Хьэзрэталий Хъусен и къуэм** - Урысей Федерацэм Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм транспортым щІэІэ и Налшык линейнэ къудамэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм дыгъэгъазэм и 20-м
№168-УГ

Жариков О.О. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Законымрэ хабзэмрэ гъэбыдэным, цІыхуэхэм я хуитныгъэмрэ щхьэхуитныгъэхэмрэ къызэгъэпэщыным езым и щхьэкІэ куэд зэрыхищІыхьам къыхэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етын **Жариков Олег Олег и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м
№170-УГ

Жариков Олег Олег и къуэр Налшык къалэм 1971 гъэм мазаем и 13-м къыщалъхуащ. Свердловск дэт юридическэ институтыр къиухри, 1993 гъэм и мазаем КъБР-м прокуратурэмкІэ и органхэм лэжьэн щыщІидзащ.

Май районым и прокурорым и дэІэпыкъуэгъуу, Май районым и прокуратурэм и следователу, КъБР-м и прокуратурэм нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхуэхэр зэхэгъэкІыныкІэ и кІудамэм и следователь нэхъыжьу, Налшык къалэм и прокурорым и къуэдзэу, Налшык къалэм и прокурорым и ялэ къуэдзэу, КБР-м и прокурорым и зыужьыгъэу щытащ. УФ-м и генеральнэ прокурорым и унафэкІэ 2007 гъэм КъБР-м и прокурору ягъэуващ.

«Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденым и медальым и ялэ, етІуанэ нагъыщащэр, «УФ-м и прокуратурэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» бгъэхэлІу дамыгъэр, «Дагъэнэщэу къулыкъу зэрищІэм папщІэ» дамыгъэр, Руденкэ и цІэкІэ щыІэ медалыр къратащ. КъБР-м щІыхь зиІэ и юристщ.

НОБЭ

♦Ирландием и Конституцэм и махуэщ

♦1768 гъэм пащтыхь гуащэ Екатеринэ ЕтІуанэм Урысейм щыяпэу тхыльымпІэ ахъшэхэр къаІэсэбэпыну унафэ ищІащ.

♦1902 гъэм Москва къыщыззэІуахащ «Националь» хьэщІэщыр.

♦1932 гъэм СССР-м щагъэуващ «Ворошиловскай стрелок» цІэ лъапІэр. Нэщанэ нэхъыфІу еуэхэм ярихуэупсэну ягъэува а дамыгъэм 1, 2-нэ нагъыщэхэр иІэт.

♦1958 гъэм РСФСР-м и Уголовнэ кодексым хагъэкІыжащ «цІыхубэм я бий» жьыхуиІэмкІэ цІыхур гъэкъуэншэнщ.

♦1991 гъэм Азербайджаным референдум щекІуэкІащ я къэрал щхьэхуитныгъэм теухуауэ. Абы хэтахэм я процент 99-м щІигъур арэзы теухуащ щхьэхуэу псэуным.

♦Урысей императрицэу (1741 - 1762 гъэхэм) щыта, **Пётр Езанэм ипхъу Елизаветэ** къызэралъхурэ илъэс 307-рэ ирокъу.

♦Совет Союзым и ЛІыхъужь **Къардэн Мурат** къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат, КъБАССР-м щІыхь зиІэ и дохутыр **Щоджэнц1ыкІу Еленэ** Алий и пхъур къыщалъхуа махуэщ.

♦ТхакІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист **Гъэунэ Борис** къыщалъхуа махуэщ.

♦Дунейпсо Олимп Комитетым и президент **Бах Томас** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Сирие армэм и генерал-полковник, СХьР-м и ракетэдзэхэм я командующэу щыта **Исхьэкъ (Джырандокъуэ) Хъусен** къызэралъхурэ илъэс 63-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, лэжьакІуэ **Мэкъуауэ Амир** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриткІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 5 - 9, жащым щІыІэр 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Хэгъэрей бзаджэ дэкІуатэ кІыхьщ.



Къэбэрдей-Балкъэр. Зыужьыныгъэм и лъэхъэнэхэр

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нап.).

«Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым къыхилъхьа проектым хьыхьэу 2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыналъэпщІым Щэнхабзэмкіэ гунэщІэхэр щаухуащ икіи зыхуеинухэмкіэ къыізэрагъэпэщащ. Бюджет ахъшэу абыхэм хухахар сом мелуани 180-рэ хуэдизэ мэхъу.

Налшык къалэм тхыдэ мыхьэнэ зиІэ и щыпІэхэр зэгъэпэщыжьыным хуэунэтІа лэжьыгъэм и япэ Іыхьэри зэфІэкІащ. Олимп щІыхьым и аллее къыізІуахащ. Зыхуей хуагъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысеймрэ я лъэпкъэр зэрызэкъуэувэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъум и щІэкІэ щыІэ утыкумрэ Кулиевым и цІэр зезыхьэ проспектым иІэ утыкумрэ.

КъБР-м и транспорт зэблэкІыпІэ нэхъыщхьэу щытхэр - Налюжнэм, Комаровым я цІэкІэр зезыхьэ, Эльбрусскэ уэрамкІэ - зэрагъэпэщыж. 20-нэ гъущІ гъуэгу зэпрыкІыпІэр Іуахащ, Мэлбахъуэм и цІэр зезыхьэ уэрамым иІа лъэмыжыр трахри, абдежым транспортым папщІэ гъуэгу зэхэкІыпІэщІэ щащІащ.

Уэыншагъэр хъумэным пыщІа Іуэхущ1апІэхэм я паркыр процент 70-м щІигъукІэ, цІыхухэр къызэрырашэкІ автотранспортыр процент 60-кІэ кьагъэщІэрэщІэжащ. Къащхуащ иджырей троллейбусу, автобусу 150-м щІигъу, абыхэм ящыщу 48-р школакІуэхэр къызэрырашэкІым хуэдэщ.

Республикэр хагъэхьащ щыналъэ мыпЛкур къэгъэсэбэпынымкІэ бжьыпэр зыІыгъ субъектхэм икіи иужьрей илъэситым кърикІуахэм япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым саугъэт папщІэу федеральнэ бюджетым щыщу сом мелуан 850-м щІигъу къыхуагъэфэщащ.

ЦІыхухэм къэрал Іуэхутхьэбзэ псори щыхуащІэ къалэн куэд щызэфІагъэкІ центру 12-м.

Кавказ федеральнэ гъэзгум щыщу Тамбукъан гуэлым деж хуэзэр ущызекІуэну щынагъуэ хъуати, ар сыткІи зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъыбэ щохъу диализ центрхэр. Иджыпсту абы хуэунэтІауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм Іэмал кьитынущ и Іэхэутхэбзэм хуэныкъуэхэм ар нэсу ягъуэтынымкІэ, апхуэдэуи къэкІуэну зэманми лъабжьэ хуагъэтІылъынымкІэ.

Мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхуу уващ иджырей Іэмэпсымэхэмкіэ къызэгъэпэща Республикэ перинатальнэ центрыр къызэрызэІуахар. Абы мы зэманым технологие лъагэр зи лъабжьэ медицинэ дэІепыкъуныгъэ щагъуэт абы хуэныкъуэхэм. ЗыхуейхэмкІэ къызэрызэгъэпэща щыкІэмкІи и тыншыпІэхэмкІи къэралым щынэхъыфІ дыдэхэм хабжэ ар. Іэщ1агъэлІхэм къызэралъытэмкІэ, республикэм зы илъэсым ику иту сабий мин 12-м къыщыщІэдзауэ мин 13 къыщалъхуным тепщІыхьмэ, цІыхубз мини 10-м медицинэ дэІепыкъуныгъэфІ мыбдеж щагъэутынущ.

КъБР-м промышленнэ продукцэу къыщыщІагъэкІым и индексыр 2013 гъэм процент 93,9-рэ хъуурэ щытамэ, 2017 гъэм ар процентти 102,2-м нэсащ.

Урысейм и Президент Путин Владимир къэралым и Правительствэм къалэн щиІащ вольфрамымрэ молибденымрэ щелэжьу Тырныауз дэта Іуэхущ1апІэм и лэжьыгъэр зэтеухуэжыным и проектым, абы и финанс-экономикэ щытыкІэри хьхьэу, хэплъэну. Абы и инвестор нэхъыщхьэри яубзыхуащ. Ар «Ростех» къэрал корпорацэрщ.

Урысеймрэ Китаймрэ я къэрал унафэщІхэри кърихьэлІэу 2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 4-м Іэ традзащ «Этана» промышленнэ комплексыр къызэгъэпэщынымрэ ар лажьэу утІыпщынымрэ теухуа зэгурыІуэныгъэм. Абы инвестицэу хальхьэнур доллар мелард 12-м щІегъу. А проектым къыщыгъэлъэгъуахэр гъэзэщІа хъумэ, абы цІыху мин 25-м щІигъу Іэнатіэкіэ къызэригъэпэщынущ.

«Вольфрам» компаниер яужь ихьащ щІэныгъэр зи лъабжьэ, щІыуэпсымкІи шынагъуэнщэ, вольфрам ангидридыр къыщІэгъэкІыным хуэгъэпсэ иджырей Іуэхущ1апІэр лажьэу утІыпщыным. Проектым сом меларди 2 хуоз.

Мэкъумэш Іэнатіэми инвестицэхэр кьешэлІэным хуэунэтІа лэжьыгъи ирагъэкІуэкІ. Псынщ1эу зызыужь пхъэщхьэмыщхьэ хадзхэм хухахащ гектар мини 4-рэ 400-рэ, ар ипэ илъэсхэм зэрыщытам нэхърэ хуэдэ зырэ ныкъуэкІэ нэхъыбэщ. Яухуащ иджырей пхъэщхьэмыщхьэ, хадзэкІ хъуманІэу 16, тонн мини 142-рэ щІэхуэу. Щрагъаджэ полигон зыхэт агротехнопаркри уэхуэн яухащ. Консерв зыщІ Іэнатіэм и Іуэхущ1апІэхэм консерву 1 мелардым щІигъу къыщІагъэкІащ. Апхуэдэ екъуІэныгъэхэм республикэр иджы япэу нэсауэ аращ. Лырэ гъэшу къалэжьми хэхъуэ зэпытщ. Гъавэу, гъавэхэкІыу тонн мелуаниущ хуэдиз хэрахьэлІэжащ. МэкъумэшхэкІхэр къыщІэзыгъэкІхэм къэралыр зэрадзэпкъыу мыпЛкур иПэ дыдэу сом мелардихьм щІигъащ.

Яухуащ икіи лажьэу яутІупщащ Европэм щынэхъ лъагэ дыдэ кІапсэ гъуэгур, Мир станцым къыщыщІадзауэ метр 3847-м щыІэ Гарабаши станцым нэсу. Туристу ди деж къакІуэхэм я бжыгъэр илъэс къэс ику иту процент 40-кІэ нэхъыбэ мэхъу икіи, Іэщ1агъэлІхэм къызэралъытэмкІэ, илъэсыр икІыхукІэ ар цІыху мин 450-м щІигъунущ.

Іуащ1хьэмахуэ, Бахъсэн щІыналъэхэм 2017 гъэм и шыщхьэІу - фокІадэ мазэхэм къыщеха яТІэпсым зэтрикъутахэмрэ ирилъэсэха гъуэгухэмрэ махуилІым кьриуБыдэу зэрагъэпэщыжащ. Ущыпсэуну шынагъуэ хъуа щыпІэхэм жьыхулъатэхэмкІэ кърагъэІэпхъукІащ цІыху 1000-м щІигъу. КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Урысеймрэ и Президент Путин Владимир 2017 гъэм жэпуэгъуэм и 20-м щІыщІам щыгъуэ абы зыхуигъэзауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр цІыхухэмрэ щІыналъэхэмрэ къызэрымыкІуэ щытыкІэхэм ящыхъэныным теухуа къэрал программэм хагъэхьэныр зэрыІэмалынышэм теухуауэ.

Жылагъуэ-политикэ къэхъуькащІэ нэхъыщхьэхэм ящыщащ КъБР-м и Къэралыгъуэр илъэс 95-рэ, Урысеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я цІыхубэр зэрызэкъуэувэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъуахэр зэрагъэлъэпІар. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу цІыху мин 600-м щІигъу хэтщ илъэс къэс къызэрагъэпэщ «Полк уахъутынш» урысейпсо акцэм.

Напшык щыщІэпхахауэ щытащ 2014 гъэм Сочэ щекІуэкІа XXII ЩІымахуэ Олимп джэгухэм я мафІэр. Республикэм щыщхэу Мудрэн Бесльэнрэ Джэду Іэниуаррэ екъуІэныгъэкІэ хэтащ Рио-де-Жанейрэ щекІуэкІа Олимп джэгухэм, Урысейм и командэ къыхэкам абыхэм медаль нэхъ лъапІэхэр къыхуахьащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсменкэ Ласицкене (Кучинэ) Марие Урысейм атлетикэ псынщІэмкІэ щынэхъ лъэщ дыдэу къалъытащ 2017 гъэм.

Республикэм мызэ-мытІэу щекІуэкІащ спорт зэхьэзэхуэшхуэхэр - Европэм тхэкІвондомкІэ и чемпионатыр, Кавказым бэнэкІэ зэхэтымкІэ и чемпионатыр, Урысейм дзюдомкІэ и чемпионатыр, Урысейм бгым лыжэкІэ кьежэхэныимкІэ и чемпионатыр.

Властым и органэмрэ хабзэхъуэмэ Іэнатіэхэмрэ я егугъуныгъэкІэ хэпщІыкІыу ипэкІэ кІуэтащ законым тетыныимкІэ, жьлагъуэ щынагъэнщагъэр къызэгъэпэщыныимкІэ лэжьыгъэр. ЩІэпхъаджагъэу ялэжьым, абы къэлъэрэ хьэлъэ дыдэхэмрэ яхэту, я бжыгъэм хэщІащ, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ бзэнынымкІи екъуІэныгъэхэр щыІэщ. Терроризм пэщІэтыныимыкІэ лъэпкъ комитетым къызэритамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІа террорист щІэпхъаджащІэ гупхэм я Іэтащхьэ псори лъэныкъуэу ирагъэзащ. Щэхурылажьэ щІэпхъаджащІэхэр къызэзыгъэпэщу, абыхэм мыпЛку къахуэзыутІыпщу щытахэри зэтракъутащ.

Кьыптэщыт лъэхъэнэм и къалэн нэхъыщхьэхэр - ар социально-экономикэ зыужьныгъэм и гъуэгум адэкІи тетыныр щ, цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэныр щ, республикэми къэралми зэрыщыту илъэс пщІы бжыгъэхэм я къэкІуэнур зыхуэдэнур зэлъытауэ щытыну, УФ-м и Президентыр хэхьыным пыщІа Іуэхуэхэр тэмэму къызэгъэпэщыныр щ.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.



● Фэеплъ

ШэІирэт

Ар сыт щыгъуи пІащІэрт псапэ ищІэну икІи абы хуэхьэзырт.

ЛІЭНЫГЪЭМ утепсэлъыхьыну тыншкъым. Зи псэм и къабзагъыр къэзыгъэлъэгъуа цІыхур дунейм ехыжмэ, гуаэр тІуащІэщ. Ауэ апхуэдэр зэрымыщІэкІэ къэхъуа насыпыншагъэм хэкІуадэмэ, пхуэмыгъэвын хуэдизу хьэлъэщ. Иджы дыдэ ар зыхащІащ Куба (ХьэтІохъущыкъуей Ищхъэрэ) адыгэ къуажэжьым щыпсэухэм.

ШэІирэт Пщыхьэщ1эхэ япхъут, ефэндышхуэ Хьэбас и щІэблэхэм ящыщт, ГъукІэхэ я нысэт. Зы жьлэм дыщыщти, куэдрэ дыззхуэзэрт, дызытепсэлъыхьыни ди мащІэтэкъым. И адэ къуэш пшынауэ гъуэзэджэ Мухьэжьыр радиом сыщыдэлэжьат, и унагъуэми сихьат, и Іыхьлы дин лэжьакІуэхэу Шафихь, Іэнас, ЛатІиф сымэ мыІейуэ сцІыхурт, а псом я щІыпжькІэ, езыр къыщалъхуа икІи къыщыхьуа Къулъкъужьым щигъунэгъуат си ныбжьэгъуФІу щыта сурэтыщІ Іэзэ Къыпн Мухьэмэд.

Ялэ дыдэу абы нэхъыщхьэу дэслъагъур зыт: и адыгэ нэмысымрэ зэрысабийрэ зыщІапІыкІа муслъымэныгъэмрэ зэхэухэнам хуэдэу зэрызэкІурт. Хэбгъэзыхьмэ, а цІыхугъэ лъагэм и лъабжьэр къыпхуэгъуэтынутэкъым: а тІур быдэу зэпыщІауэ и лъым хэту къыщІэкІынут.

ШэІирэт къулыкъу гуэри иІыгъакъым, ар сатуущІу арат, бэджэнду къыІихауэ тыкуэн игьэлажьэу. Унэ зыми хуригъэщІакъым, Іуэхушхуэкіи дэІепыкъуакъым. Арщхьэкіэ язныныкъуэхэм деж яхуэпщІэр зэхуэдизырькъым къыпхуащІ пщІэм и инагъыр зэлъытар, атІэ пхуэфІэкІымкІэ цІыхум сыт щыгъуи уэзрыдэІэпыкъурщ. Садым яшэу блэкІ сабийхэм ШэІирэт и тыкуэнымкІэ пщэдджыжь къэс загъаэзэрт, я анэхэмрэ анэшхуэхэмрэ яІэщІэкІырти: ящІэрт мыбдежым зы ІэфІ гуэр къызэрыщагъуэтынур...

Щытыкіэ гугъу ихуа унагъуэхэми я плъапІэр мы цІыхубзыр: абдеж къыщагъуэтырт къадэІэпыкъун. Апхуэдэхэр зытэкъым икіи тІутэкъым. Уэблэмэ, пщыми къыщыуВІэртэкъым.

ШэІирэт муслъымэныгъэм и лъапІэныгъэр куууэ зыпхыкІа бзылъхугъэт. Абы и зы нэмэз уахъты блигъэкІыртэкъым. Мыбдежым щІэгъэкъуэн къищІырт ди «Адыгэ псалъэм» къытридзэ «Ислъамым и нур» напэкІуэцІыр. Нэмэз щІыгъуэхэм кьадэкІуэу ШэІирэт абы къытрадзэ хъыбархэр щІиджыкІырт. ЖыпІэнурамэ, мазэр къихьэу и кІэм нэблагъэхуэкІэ, абыхэм пэплъэрт. Уеблэмэ а напэкІуэцІыр зыгъэхьэзыр ГъунэгъуУ щыта АфІэунэ Мухьэмэд ипхъу Лусаннэу къыщищІам, сыт хуэдэу гуфІат: «Сэ сщІэрт абы диным хуэпэж цІыху къызэрыхэкІынур», - жиІат.

Мыри сигу къинэжащ. Зэгуэр абы хуэсхьащ ди нэхъыжьыфІ, тхакІуэ Елгъэр Кашиф адыгэбзэкІэ зэридзэкІыу къыдигъэкІа КъурІэныр. Къигуфлам щІэи гъуни иІэтэкъым. ИужькІэ къызэупщІащ и уасэмкІэ. «Уасэншэщ», - жэуап естыжащ сэ, тІэкІуи зыгъэпагэу. - Мыбы щхьэкІэ пщІэ Іахыркъым. Елгъэр Кашиф апхуэдиз лэжьыгъэщхуэр зэфІигъэкІри, и бынхэм я ахъшэкІэ къыдигъэкІауэ егуэш». «Сыту насыпышхуэ! Алыхым иузэщІ! Апхуэдэхэрщ ди Тхьэшхуэм и нэфІыр зыщцыхуэр». Зы Іэнатіэ дыпэрымытами, Кашифрэ сэрэ зыунэ дыззрыщылажьэр икІи куэдрэ дыззрыззхуэзэр жесІа нэужь, сехъуэхъуну къызэлъэІуащ, итІанэ темыгушхуащэурэ къыщІигъуащ: «Хъунумэ, иджыри зы ФІыцІагъэ къысхуеІых, (и цІэр жиІэри) естыну». Сэ абы и лъэІур згъэззэщІащ. Кашифи сыхуехъуэхъуауэ си гугъэжщ, зыгуэркІэ сІэщІэгъупщыкІамэ, иджы согъэзэкІуэж.

ШэІирэт и унагъуэр зэтеуват, и бынхэри гъащІэм хъарзынэу хэзэгъат. Абыхэм нэхъ япэгъунэгъун папщІэ Налшык и гъунэми къэІэпхъуат. Арщхьэкіэ тыкуэныр игу пыкІыртэкъым: ар цІыхухэм фІы зэрахуищІэну Іэмалу щытауэ согупсыс.

«Сэ сощІэ абы щІакхъуэкІэ илъэс бжыгъэкІэ иІыгъа унагъуэ, - къызжиІащ, фи нэмыс нэхъ лъагэ хъуи, си щхьэгъусэм. - Ауэ сыщыгъуаэзкъым зыми, тІуми. ПщІэншэу сабийхэм сыт хуэдиз ІэфІыкІэ яхуигуэшрэт?»

Комбинатыр къудха нэужь, дэ езыхэм къэтлъыхъуэн хуейт лэжьыгъэм дыхуэзыгъэсэн. Куэдым дыкъадакъым: шынэрт зэгуэр я Іэнатіэр яфІэдубыдынкІэ. Ауэ ШэІирэт къытщыгуфІыкІыу къытІущІащ. Куэдым дыхуиущиящ, Іэджи къыщытщІащ абы и деж. Нобэр къызідэсым а чэнджэщхэр къысхуощхьэпэ», - къызжиІащ си гъунэгъу сатуущІ Тохъутэмыщ Іэнисэт.

АтІэ, сыт хуэдизу гуауэ инми цІыкІуми, жьыми щІэми дахэу ядекІуэкІ апхуэдэ цІыхубз гъуэзэджэр къыпхэмытыжыныр? Ауэ зыри тхуэщІэнукъым. Къытхуэнэжыр абы и фэеплъ нэхур ди гум идгъэлъпышырщ.

ШАЛ Мухьэмэд.

ЩІышылэм и нэмэз щІыгъуэхэр

● Фи лъэІукІэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщІэкІыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, блыщхьэ	06.08	07.39	12.19	14.31	16.41	18.20
2, гъубж	06.09	07.39	12.20	14.32	16.42	18.21
3, бэрэжьей	06.09	07.39	12.20	14.33	16.43	18.21
4, махуэку	06.09	07.39	12.21	14.34	16.43	18.22
5, мэрем	06.08	07.39	12.21	14.34	16.44	18.23
6, щэбэт,	06.08	07.39	12.22	14.35	16.45	18.24
7, тхьэмахуэ	06.08	07.39	12.22	14.36	16.46	18.25
8, блыщхьэ	06.08	07.39	12.22	14.37	16.47	18.26
9, гъубж	06.08	07.39	12.23	14.38	16.48	18.27
10, бэрэжьей,	06.08	07.38	12.23	14.39	16.49	18.28
11, махуэку	06.07	07.38	12.24	14.40	16.51	18.30
12, мэрем	06.07	07.38	12.24	14.41	16.52	18.31
13, щэбэт	06.07	07.37	12.24	14.42	16.53	18.32
14, тхьэмахуэ	06.06	07.37	12.25	14.43	16.54	18.33
15, блыщхьэ	06.06	07.36	12.25	14.44	16.55	18.34
16, гъубж	06.05	07.36	12.26	14.45	16.56	18.35
17, бэрэжьей	06.05	07.35	12.26	14.46	16.58	18.37
18, махуэку	06.04	07.35	12.26	14.47	16.59	18.38
19, мэрем	06.04	07.34	12.27	14.48	17.00	18.39
20, щэбэт	06.03	07.33	12.27	14.49	17.01	18.40
21, тхьэмахуэ	06.02	07.33	12.27	14.50	17.03	18.42
22, блыщхьэ	06.02	07.32	12.28	14.52	17.04	18.43
23, гъубж	06.01	07.31	12.28	14.53	17.05	18.44
24, бэрэжьей	06.00	07.30	12.28	14.54	17.07	18.45
25, махуэку	05.59	07.30	12.28	14.55	17.08	18.47
26, мэрем	05.58	07.29	12.29	14.56	17.09	18.48
27, щэбэт	05.57	07.28	12.29	14.57	17.11	18.50
28, тхьэмахуэ	05.56	07.27	12.29	14.58	17.12	18.51
29, блыщхьэ	05.56	07.26	12.29	14.59	17.13	18.52
30, гъубж	05.55	07.25	12.29	15.01	17.15	18.54
31, бэрэжьей	05.53	07.24	12.29	15.02	17.16	18.55

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я Іуэхущ1апІэм къыдитащ.